

KESYON MOUN POZE SOUVAN : DEZYEM TOU ELEKSYON POU KONSÈY VIL LA POU ELÈV K AP APRANN LANG ANGLÈ

Ki konsèy ap fè yon dezyèm tou eleksyon?

Konsèy Vil la pou Elèv k ap Aprann Lang Angle *Citywide Council on English Language Learners* (CCELL)

Ki lè y ap fè yon dezyèm tou eleksyon?

Y ap fè yon dezyèm eleksyon sou Entènèt nan www.powertotheparents.org apati Madi, 1ye jen 2010 rive Vandredi, 4 jen 2010 jiska minwi. Ou ka vote 24 èdtan/tout jounen nan nenpòt konpitè ki gen aksè Entènèt.

Pou ki rezon yo fè yon dezyèm tou eleksyon?

Yo fè dezyèm tou eleksyon pou “detèmine kandida pou eli” lè divès kandida gen menm kantite vòt, e ke yo poko chwazi nèf manm pou CCELL.

Kiyès ki elijib pou vote nan dezyèm tou eleksyon an?

Selektè delege Distri pou CCELL – menm moun ki te vote pandan eleksyon ofisyèl CCELL la ki te fèt nan dat 11-12 me 2010 – elijib pou vote nan dezyèm tou eleksyon an pou distri pa yo.

Konbyen fwa yon selektè ofisyèl Distri kapab vote nan dezyèm tou eleksyon an?

Selektè ofisyèl Distri kapab vote yon fwa nan dezyèm tou eleksyon an.

Kibò bagay k ap kalifye m pou vote yo ap sòti (Yon sèl nimewo ID ak modpas pou vote)?

Tout selektè ofisyèl Distri yo ap resevwa yon anvlòp pa lapòs ki gen ladan l menm bagay ki pou kalifye yo pou vote (yon sèl nimewo ID ak modpas pou vote) y ap bezwen pou ouvri sesyon nan www.powertotheparents.org pou yo vote.

Èske bagay k ap kalifye m pou vote yo menm ak sa mwen te itilize pou vòt Selektè ofisyèl Distri a ki te fèt nan dat 11-12 me a?

Wi, bagay k ap kalifye w pou vote yo (yon sèl nimewo ID ak modpas pou vote) ap menm.

Kisa pou m fè si m pa resevwa bagay ki pou kalifye m pou vote yo?

Ou ka kontakte Jaclyn Berryman nan Biwo pou Angajman ak Defans Dwa Fanmi *Office for Family Engagement and Advocacy* (OFEA) nan nimewo telefòn 212-374-4118 oswa nan imèl jberrymann@schools.nyc.gov.

Mwen pa gen aksè nan yon konpitè lakay mwen oswa nan travay mwen. Ki kote mwen ka vote?

Gen konpitè ki gen aksè nan entènèt nan bibliyotèk leta yo, nan biwo distri Depatman Edikasyon yo ak nan anpil lekòl. Pou yo ede w jwenn yon lokal pou vote tou pre w, rele 311.

Kòman egzakteman mwen ka vote sou Entènèt?

- (1) Ale sou Entènèt nan www.powertotheparents.org
- (2) Klike bouton sou ekran an ki di “VOTE LA A”
- (3) Antre sèl nimewo ID ak modpas ou pou vote
- (4) Lè lis kandida pou dezyèm tou eleksyon an parèt, klike nan kazye ki bò kote non kandida ou vle vote a.
- (5) Klike sou bouton ki di “SOUMÈT VÒT LA”

Ki lè y ap anonse rezilta dezyèm tou eleksyon an?

Y ap avize kandida ki genyen yo nan Mèkredi, 9 jen 2010 pou pi ta.

Si m gen pwoblèm pou vote oswa si m bezwen èd, kiyès pou m kontakte?

Selektè ofisyèl Distri yo ka rele 311. Ou ka jwenn èd tou si w imèl jberrymanschools.nyc.gov